



YAYASAN RABBANI ASYSA
SD RABBANI BANDUNG
School of Quranic Leaderpreneur



NPYP : AW7927 – NPSN : 70003403 / sakolahrabbani123@gmail.com
Alamat : Jl. Jati No. 5 RT06/RW01 Cisaranten Kulon Arcamanik Kota Bandung (022) 20507186

**SOAL LATIHAN
BAHASA SUNDA**

NAMA :

KELAS :

TANGGAL : SENIN, 7 NOVEMBER 2022

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

A. Cakra (X) aksara a,b,c atawa d di hareupeun jawaban nu bener!

- Karangan dina wangun lancar (prosa) anu ukuranan pondok sok disebut....
 - Biantara
 - Pupuh
 - Carpon
 - Carita wayang
- Ciri-ciri carpon téh nyaéta
 - Jalur carita umumna teu sajalur
 - Latar kaajadianna loba pisan
 - Waktu kajadian mang taun taun
 - Jumlah kecapna teu leuwih ti 10.000 kecap
- Unsur carpon nu nerangakeun jalana carita utawa runtuyan kajadian disebut oge....
 - Galur
 - Tokoh
 - Jejer/Tema
 - Amanat
- Hal nu bisa dilenyepan tina eusi carita ku nu maca nyaéta bagean unsur carpon nu disebut...
 - Galur
 - Tokoh
 - Jejer/Tema
 - Amanat
- Salah sahiji unsur dina carpon nyaéta tema. Tema nyaéta ...
 - Gagasan nu ditepikeun ku pangaran dina karyana
 - Tokoh nu dingalalakan atawa nu dilakonkeun dina carita
 - Waktu jeung tempat lumangsurna dina carita
 - Hal nu bisa dilenyepan ku nu maca
- Bhineka tunggal ika mibanda harti ...
 - Sanajan beda tetep hiji basa
 - Béda béda tapi tetep hiji
 - Ngahiji dina kaayaan anu béda
 - Loba sélérna loba aday jeung basana
- Sélér (suku) bangsa nu asalna ti Jawa Barat nya nyaéta ...
 - Batak
 - Jawa
 - Sunda
 - Padang
- Kawajiban para siswa dina ngeusiaan kamérdekaan mangsa kiwari ku cara ...

- | | |
|---------------------|--------------------|
| a. Getol digawé | c. Loba barangbéré |
| b. Mindeng bebersih | d. Junun dijar |

Baca téks biografi di handap, pikeun ngajawab soal nomer 1-3!

Radén Déwi Sartika (gumelar di Cicaléngka, Bandung, 4 Désémber 1884 – maot di Cinéam, Tasikmalaya, 11 Séptémber 1947 dina umur 62 taun) nyaéta inohong wanoja anu dianggap salaku pamingpin pajoangan atikan pikeun wanoja di Jawa Kulon. Taun 1966 pamaréntah Indonésia ngangkat Déwi Sartika minangka Pahlawan Nasional.

Muka Sakola nepi ka Tilar Dunya 16 Januari 1904, waktu Déwi Sartika yuswana 20 taun, dibuka Sakola Istri anu kasusun ku dua kelas nyaéta kelas hiji jeung kelas dua Mimitina murid anu asup nyaéta 20 urang. Sedengkeun tanaga kependidikanna aya tilu urang nyaéta Déwi Sartika, Poerma, jeung Oewit. Sakola Istri ieu tempatna di pendopo Kabupatén Bandung ku izin ti R.A.A. Tapi sababa lobana anu hayang sakola sedengkeun pendopo geus teu mahi kalawan bantuan ti sababaraha pihak sarta tabungan Déwi Sartika sorangan, taun 1905 sakola dipindahkeun ka Jalan Ciguriang.

Di taun 1906, Déwi Sartika nikah jeung Radén Kanduruan Agah Suriawinata guru Sakola Kelas Hiji Karangpamulang, Cicadas, Bandung. Taun 1909 lulusan kahiji lulus jeung wangunan dirénovasi ditambahan kelas deui. taun 1910 ngaran sakola dirobah jadi Sakola Kautamaan Istri jeung taun 1929 ngaran sakola diganti deui jadi Sakola Radén Déwi lantaran masarakat ngahargaan jasa anu ngadegkeun éta sakola. Kagiatan diajar, ditambahan ku basa Walanda jeung agama Islam sedengkeun élmu kaséhatan dibéré ku L. van Arkel anu mangrupa juru rawat di imah sakit Situsaeur. Ku kituna, mimiti dibuka Sakola Kautamaan Istri di sababaraha kabupatén nyaéta di jl oto iskandar dinata tasikmalaya, Garut, jeung Purwakarta jeung di taun 1912 geus dibangun 9 Sakola Kautamaan Istri. Ti pajoangan éta garwa Gubernur Jéndral van Limburg Stirum (1916-1921) ogé garwa Gubernur Jéndral Tjardavan Starkenbergh kungsi datang ka Sakola Kautamaan Istri di Bandung.

9. Radén Déwi Sartika dillahirkeun di ...

- | | |
|----------------|------------|
| a. Cicalengka | c. Cianjur |
| b. Bojongsoang | d. Cicadas |

10. Radén Déwi Sartika dilantik jadi pahlawn nasional, kusabab aktif ngembangkeun nagara dina widang ...

- | | |
|-----------|---------------|
| a. Seni | c. Pertahanan |
| b. Sastra | d. Pendidikan |

11. Ngaran sakola nu di bangun ku Radén Déwi Sartika nyaéta ...

- | | |
|------------------|---------------------------|
| a. Sakola rakya | c. Sakola Kautamaan Istri |
| b. Sakola Negeri | d. Sakola luar biasa |

12. Radén Déwi Satika nikah ka Guru Sakola Kelas Hiji Karangpamulang, Cicadas, Bandung. Nami suami Radén Déwi Satika nyaéta...

- | | |
|-----------------------------------|-------------------------------------|
| a. Jéndral Tjardavan Starkenbergh | c. Oto Iskandar Dinata |
| b. Jéndral van Limburg Stirum | d. Radén Kanduruan Agah Suriawinata |

13. Lantaran masarakat ngahargaan jasa anu ngadegkeun éta sakola. Sakola Kautamaan Istri dirubah ngaranna jadi Sakola Radén Déwi Satika di taun ...

- | | |
|---------|---------|
| a. 1912 | c. 1921 |
| b. 1929 | d. 1905 |

14. Alat komunikasi dua arah nu biasa di gunakeun nyaéta...

- | | |
|-----------|----------|
| a. Tipi | c. Radio |
| b. Laptop | d. Hp |

15. Pangrojong utama proses globalisasi nyaéta teknologi anu ngagunakeun ...

- | | |
|-------------|-------------|
| a. Koran | c. Komputer |
| b. Televisi | d. Internet |

16. Pangaruh anu kurang hadé tina globalisasi nyaéta
- Gampang ngaksés informasi dimana waé
 - Salah informasi nu ngakibatkeun rusak moral
 - Sumebarna basa sunda tina kawih sunda
 - Unggal jalma diajar pikeun wanoh téhnologi
17. Leuwih mikaresepe gaya papakéan bangsa Koréa mangrupa globalisasi dina widang ...
- Kasenian
 - Budaya
 - Atikan
 - Téhnologi
18. Tujuan pamaréntah netepkeun palanggaran dina urusan media sosial nyaéta pikeun ...
- Ngawatesan kabébasan jalma dina ngagunakeun hp
 - Ngatur campur gaul diantara para warga masarakat
 - Ngalancarkeun lajuna komunikasi jeung informasi
 - Ngajaga asupna pangaruh goréng tina kamajuan teknologi
19. Leuweung téh sok dipake tempat moro manuk, ku anu baroga pangaresep bebedil.
Kecap anu maké rarangkén tengah –ar- dina eta kalimah nyaéta ...
- Dipaké
 - Baroga
 - Pangaresep
 - Bebedil
20. Rarangkén *di* anu nuduhkeun kana tempat, nyaéta ...
- Dipeser
 - dianteur
 - Dibeuli
 - Di kelas
21. Rarangkén *ka* anu nuduhkeun kana pagawéan, nyaéta ...
- Ka Pasar
 - Ka Bumi
 - Kabanjur
 - Ka Bandung
22. Rarangkén –um- anu nuduhkeun kana pagawéan, nyaéta ...
- Gambaran
 - Gumbira
 - Gumeulis
 - Lalumpatan
23. Di handap ieu rarangkén tengah, salian ti ...
- Ar
 - di
 - um
 - in
24. Kecap *laleuleus* ngagunakeun rarangkén tengah ...
- ar
 - um
 - ka
 - al
25. Barudak nu keur ayeuh-ayeuhan buriak lalumpat.
Kecap anu ngagunakeun rarangkén tengah –ar-, nyaéta ...
- barudak
 - ayeuhan
 - buriak
 - lalumpat